

Kisa w bezwen konnen de Maladi Coronavirus 2019 (COVID-19)

Kisa maladi coronavirus 2019? (COVID-19)

Maladi coronavirus 2019 (COVID-19) se yon maladi ki fè w pa ka pran souf byen ki kapab pwopaje soti nan yon moun ale nan lòt. Viris la ki koze COVID-19 se yon coronavirus nouvo ki premye idantifye pandan yon envestigasyon sou yon epidemi nan Wuhan, yon vil nan peyi Lachin.

Eske moun ki rete Ozetazini ka tonbe malad avèk COVID-19?

Wi. COVID-19 ap pwopaje nan moun nan kèk zòn Etazini. Risk enfeksyon COVID-19 pi gran pou moun ki gen kontak pwoch avèk moun ki gen enfeksyon deja, pa egzanp, moun ki travay nan swen sante oubyen moun nan fanmi moun sa yo. Lòt moun ki gen pi gran risk pou enfeksyon se moun ki rete oubyen te vwayaje pou ale yon peyi avèk yon epidemi COVID-19. Apati 10 mars, 2020, peyi sa yo enkli: Lachin, Japon, Koredisid, Itali, epi Iran. Pou enfòmasyon pi kouran ale sit entènèt Sant pou Kontwòl Maladi Ozetazini (United States Center for Disease Control – CDC): <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/about/transmission.html#geographic>

Eske gen moun Ozetazini ki gen COVID-19?

Wi. Premye ka COVID-19 la te rapòte 21 janvier, 2020. Yon kantite nouvo ka COVID-19 la disponib nan sit entènèt CDC isit: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/cases-in-us.html>.

Kijan COVID-19 pwopaje?

Ekspè kwè ke viris ki koze COVID-19 te parèt premye nan bèt yo, men kounya li ap pwopaje sitou nan moun ki gen kontak pwoch youn ak lòt (nan yon zòn de 6 pye /1.8 mètr) nan ti gout ki sotli nen oswa bouch la lè moun enfekte touse epi etènye. Li ta kapab posib tou pou yon moun tonbe malad si li manyen yon bagay ki gen viris sou li epi manyen bouch, nen, oubyen zye li apre, men sa a pa metòd pi komen pou pwopagasyon viris la. Ou ka aprann plis sou pwopagasyon coronavirus yo isit: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/about/transmission.html>

Kisa sentòm COVID-19 yo ye?

Pasyan ki genyen maladi a ka gen modere oswa grav maladi respiratwa avèk sentòm sa yo:

- Lafyè
- Tous
- Souf kout/ mal pou respire

Ki komplikasyon grav ka rive avèk viris sa a?

Gen kèk pasyan yo ki gen nemoni nan tou de poumon yo, echèk ògàn, epi nan kelkè ka grav, lanmò.

Kijan pou m pwoteje tèt mwen?

Moun kapab pwoteje tèt yo kont maladi respiratwa avèk aksyon prevansyon koman.

- Evite kontak pwoch avèk moun ki malad.
- Evite manyen bouch, nen, epi zye w avèk men sal.
- Lave men w souvan avèk savon ak dlo for 20 segonn omwen. Si dlo pa disponib, sèvi avèk yon dezenfektan men ki fèt avèk 60% alkòl omwen.

Pou evite pwopaje maladi respiratwa, si w malad ou ta dwe:

- Rete lakay ou lè w malad.
- Kouvri bouch ak nen w lè wap touse oubyen etènye avèk yon sevyèt/tisi epi jete l apre. Netwaye men w apre chak fwa w touse oubyen etènye.
- Netwaye epi dezenfekte bagay ou manyen souvan, tankou bouton pòt la, telefòn an, konwòl televizyon an, manch lavabo a, eksetera.

Kisa pou m fè si m te vwayaje nan yon peyi ki gen epidemi COVID-19 resaman?

Si w fèk kite yon zòn ki afekte, ta ka gen restriksyon pou mouvman w pou jiske 14 jou. Si w devlope sentòm pandan tan sa a (lafyè, tous, pwoblèm respire byen), chache swen medical. Rele biwo swen sante w anvan w ale, epi di yo sou vwayaj w epi ki sentòm w genyen. Yo kapab ban w konsey pou kijan w bezwen chache swen medikal san ekspozè lòt moun viris la. Pandan w malad evite kontak avèk lòt moun, pa soti lakay w, epi reta plan pou vwayaje lòt kote pou redwi risk pou pwopaje maladi a lòt moun.

Eske maladi sa a gen yon vaksen?

Kounya, poko gen yon vaksen pou pwoteje w kont COVID-19. Pi bon metòd yo pou prevni enfeksyon toujou evite kontak avèk moun ki malad epi lave men w souvan.

Eske maladi sa a gen yon tretman?

Poko genyen pyes tretman yo dekouvri ki pou konbat COVID-19. Moun ki gen COVID-19 kapab chache swen medical pou amelyore sentòm yo.

Enfòmasyon ki ladan dokiman sa a sòti sit entènèt CDC. Dokiman orijinal disponib ann Angle isit: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/2019-ncov-factsheet.pdf>

Yon Lyezon Sante Kominote nan Pwogram Sante Mobil ki nan Maine te tradwi dokiman sa a an Kreyòl pou rezon edikasyon sante.